

## BAB I

### BUBUKA

#### 1.1. Kasang Tukang

Tulisan nyaéta réfléksi tina pikiran urang. Sistematis atawa henteuna tulisan dipangaruhan ku cara ngatur pikiran nu nulisna. Saacan nulis, nu nulis kudu nyaho heula kana poin-poin pikiran anu bakal diébréhkeunna. Sistem anu ngawujud éta poin-poin téh bisa ngarobah kana cara mikir anu hadé, sarta ngarojong kana jenglangan tulisan anu sistematis.

Dumasar kana kasang tukang geus didadarkeun di luhur, dina segi pangajaran aya sababaraha faktor anu mangaruhan kana hasil diajar modél kaparigelan nulis, diantarana: (1) matéri pangajaran nulis anu sipatna téoritis, (2) métode anu dipaké kurang kréatif, jeung (3) kurang bimbingan ka siswa dina kagiatan nulis di sakola. Éta tilu faktor téh anu perlu diperhatikeun ku guru sangkan kahontal tujuan pangajaran kaparigelan nulis.

Kasalahan makéna basa atawa ngeunaan nulis geus loba nu nalungtik, tapi panalungtikan ngeunaan modél pangajaran nulis ngagunakeun métode kolaborasi ka siswa SMA Negeri 24 Bandung can aya. Ieu panalungtikan perlu dilaksanakeun sabab, kasalahan nulis anu dilakonan ku paramurid bisa ngabalukarkeun kasalahan anu hésé dioméan.

Nu nulis panasaran pikeun nalungtik sakumaha gedéna kadaék siswa SMA dina méré penteun salah sahiji karya sastra ku cara ngarésénsi, hususna novél. Ieu

dilakonan pikeun mikanyaho sa jauh mana kamampuh siswa ngapréiasikeun karya sastra dina wangun tulisan.

Dina hal ieu, nu nulis bakal méré solusi ngeunaan téknik atawa modél pangajaran anu dipaké dina prosés nyieun révéni. Ieu dikasangukungan ku kagiatan diajar-ngajar guru basa sunda anu teu leupas tina pangajaran ngeunaan nyieun révéni. Kituna nu nulis milih modél pangajaran ngagunakeun métode kolaborasi.

*Métode kolaborasi adalah suatu teknik pengajaran menulis dengan melibatkan teman sejawat untuk saling mengoreksi* (A. Chaedar Alwasilah, 2005: 21). Métode ieu, méré mangpaat pikeun siswa sabab maranéhna bisa silih ngoréksi, jeung ngabenerkeun kasalahan-kasalahan anu ditulis ku siswa séjén. Jadi ku cara maké métode ieu dipiharep siswa bisa nyaho kumaha nulis anu bener téh, hususna dina nulis révéni novél.

Salian éta, nu nulis milih métode kolaborasi salaku alternatif dina pangajaran nulis révéni kusabab aya sababaraha faktor, nyaéta:

- 1) Siswa leuwih loba diajarkeun tata basa atawa téori nulis jeung jarang pisan latihan nulis. Ku kituna nu nulis méré solusi, guru pangajaran basa sunda leuwih alus ngurangan pangajaran tata basa, lamun hasil anu hayang ditepi ku siswa nyaéta bisa nulis, jadi leuwih alus loba méré tugas ka siswa pikeun maca carita fiksi atawa novél, jeung ngalaporkeunna dina wangun tulisan, ku cara ngarévén novél.
- 2) Guru leuwih pokus méré penteun akhir karangan jeung leuwih kana kualitas gramatika, sedengkeun parasiswa boga anggapan tugas maranéhna ngan

saukur nyieun hiji karya tulis jeung tugas guru nyaéta menteun. Padahal, sangkan siswa parigel nulis, kudu aya interaksi antara siswa jeung guru, anu akhirna pangajaran nulis bakal leuwih éféktif.

- 3) Siswa teu nyaho bener atawa salahna tulisan anu dijieun ku maranéhna. Sabab euweuh catetan kasalahan dina tulisan anu ku maranéhna dipigawé. Kituna, leuwih alus guru méré koméntar kana hasil karya tulis siswa, jeung merekeun deui hasil tulisan éta ka siswa.

Dumasar kana kasang tukang masalah anu aya di luhur, nu nulis hayang mikanyaho sakumaha pangaruhna métode kolaborasi dina ningkatkeun hasil diajar siswa jeung sakumaha gedéna sumbangan anu bisa dibérékeun métode ieu pikeun ngagampangkeun siswa dina pangajaran nulis révéni novél. Nu nulis bakal ngeurhkeun dina wangun skripsi anu judulna:

**MODÉL PANGAJARAN NULIS RÉVENI NOVÉL NGAGUNAKEUN  
MÉTODE KOLABORASI KA SISWA SMAN 24 BANDUNG.**

## **1.2. Watesan jeung Rumusan Masalah**

### **1.2.1 Watesan Masalah**

Watesan masalah dina ieu panalungtikan miboga peran anu penting, diwatesanan sangkan masalah anu ditalungtik miboga arah. Watesan masalahna nyaéta:

- 1) Nu nulis bakal nguji cobakeun métode kolaborasi dina pangajaran nulis révéni novél.

- 2) Panalungtikan dilakonan pikeun mikanyaho kasuksésan métode kolaborasi dina ningkatkeun kamampuh siswa nulis révéni novél.

### **1.2.2 Rumusan Masalah**

Dina kasang tukang masalah anu geus disebutkeun di luhur, nu nulis ngarumuskeun masalah dina wangun pananya di handap!

- 1) Kumaha tingkat éféktivitas métode kolaborasi dina pangajaran nulis révéni novél siswa kelas XII SMA Negeri 24 Bandung?
- 2) Kumaha tingkat kamampuh pangajaran nulis révéni novél siswa SMA Negeri 24 Bandung, di unggal siklus?

## **1.3. Tujuan jeung Mangpaat Panalungtikan**

### **1.3.1 Tujuan Panalungtikan**

Tujuan ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) Ngadéfinisikeun tingkat éféktivitas métode kolaborasi dina pangajaran nulis révéni novél.
- 2) Ngadéfinisikeun tingkat kamampuh siswa dina pangajaran nulis révéni novél di unggal siklus.

### **1.3.2. Mangpaat Panalungtikan**

Mangpaat anu dipiharep sanggeus ngalaksanakeun panalungtikan ieu nyaéta:

- 1) Panalungtik bisa nyaho kumaha kaparigelan nulis révéni novél jeung métode kolaborasi salaku modél pangajaran nulis.

- 2) Guru bisa ngabandingkeun métode kolaborasi jeung métode anu salila ieu dipaké, salajeungna maranéhna bakal mertimbangkeun métode ieu pikeun diterapkeun di sakolana séwang-séwangan.
- 3) Nu maca bisa nambahan élmu pangaweruh jeung salaku motivator pikeun ngalakukeun panalungtikan salajeungna pikeun ngabebenah mutu pendidikan.

Salian éta, tujuan panalungtikan maké métode kolaborasi ieu ogé sangkan siswa meunang hasil diajar anu leuwih. Ku cara ngalaksanakeun latihan-latihan siswa bisa nambahan pangalaman, nyaéta:

- 1) Siswa aktif diajar jeung karangsang pikeun ningkatkeun kagiatan diajar anu leuwih alus.
- 2) Siswa diajar pikeun teu ngalakukeun kasalahan nu sarua.
- 3) Inisiatif jeung tanggung jawab siswa leuwih nambahan.
- 4) Nglatih siswa pikeun diajar mandiri.
- 5) Nglatih siswa pikeun ngabagi waktu.
- 6) Ngabiasakeun siswa sangkan disiplin jeung henteu mohokeun tugas.
- 7) Nglatih siswa sangkan néangan cara anu pas pikeun ngaréngsékeun tugasna.

#### **1.4. Wangenan Operasional**

1. Nulis rénsénsi novél nyaéta kagiatan nulis jeung menteun hiji buku/novél.
2. Métodé kolaborasi nyaéta hiji téhnik pangajaran nulis anu ngajak babaturan sakelas pikeun silih ngoréksi.
3. Modél pangajaran nulis rénsénsi novél ngagunakeun métode kolaborasi, nyaéta hiji kagiatan diajar anu dilaksanakeun guru dina prosés diajar-

ngajar. Prosés lumangsungna ieu métode ngutamakeun aktivitas siswa dina ngoréksi hasil révéni babaturanna, anu ahirna siswa mahan tur parigel dina nulis révéni novél.

### 1.5. Anggapan Dasar

Panalungtikan dilaksanakeun dumasar kana sababaraha anggapan dasar di handap:

- 1) Kaparigelan nulis mangrupa salah sahiji kaparigelan anu miboga prosés.
- 2) Siswa bakal parigel nulis lamun ngalobakeun latihan sacara inténsif.
- 3) Euweuh métode pangajaran anu pang alusna ku sabab unggal métode miboga kapunjulan jeung kahengkeran séwang-séwangan.

### 1.6. Métode Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan nu nulis ngagunakeun métode *Classroom Action Research* (penelitian tindakan kelas) yaitu : *penelitian yang dilakukan guru di dalam kelasnya sendiri melalui refleksi diri, dengan tujuan untuk memperbaiki kinerjanya sebagai guru, sehingga hasil belajar siswa menjadi meningkat* (Wardani, 2002:1-4).

Dina hakékatna euweuh métode anu hadé atawa goréng, métode téh sipatna nétral, sabab hadé goréngna hiji métode gumantung guru anu makéna. Dina ieu panalungtikan nu nulis maké métode kolaborasi anu dipaké dina pangajaran nulis, hususna dina nulis révéni novél.

